



BATTERY PARK CITY
OTÒN
2025



IVÈ
2026
AKTIVITE AK PWOGRAM



Battery Park City!

Patisipe nan bèl pwogram k ap kòmanse nan otòn lan nan Battery Park City!

Battery Park City rete aktif pandan tout ane a avèk aktivite andedan pou tout laj ak tout enterè, aktivite deyò pou selebre sezon fèt la, epi, lè prentan an ap pwoche, pwogram ki mete aksan sou bote natirèl ak byodivèsite pak nou yo.

Soti nan pwogram popilè tankou seri fim Noirvember a, Ekspozisyon Atistik BPC a, Atelye Kat Sen Valanten an, rive nan teyat maryonèt la, rakontay avèk The Moth, sware komedi a, ak Mwa Latè a, gen plen bagay k ap entèrese w. Amezi sezon fredri a ap pwoche, rete anfòm avèk yoga, Zumba, ak plis bagay toujou nan 6 River Terrace, epi pwofite sal espò ak pisin lan nan Sant Kominotè a nan Stuyvesant High School.

Otòn sa a, gen travay preparasyon enpòtan ki pral kòmanse nan pwochèn faz inisyativ pou rezilyans kotye Battery Park City a, k ap poze fondasyon pou pwoteksyon alontèm katye a kont gwo tanpèt ak nivo lanmè k ap monte. Pou tandè sa w gen pou di sou enpak travay sa a, nou pral ofri sesyon lib chak semèn (pi ba a) kote w ap ka fè kòmantè ou epi jwenn kafe cho. Nou espere n ap wè w la.

Finalman, pa bliye pwofite kolaboratè kominotè nou yo nan katye a. Suiv yon kou nan Asphalt Green, vizite Mize Eritaj Jwif la (Museum of Jewish Heritage), Poets House, ak Mize Gratsyèl la (Skyscraper Museum), ki ofri pwogram kiltirèl klas mondyal.

Plis ou gade prè, plis w ap jwenn bagay pou dekouvri nan Battery Park City!

Donald Capoccia
Chèmann

Raju Mann
Prezidan ak Direktè Jeneral

Sesyon lib sou Rezilyans BPC

CHAK VANDREDI

14 NOV–19 DES ak 06 FEV–27 MAS
10–11AM, 200 RECTOR PLACE

CHAK MADI

18 NOV–16 DES ak 03 FEV–24 MAS
12–1PM, 6 RIVER TERRACE

Pase rankontre Lyezon Konstriksyon Kominotè w la ak manm ekip pwojè Rezilyans Battery Park City a, pran yon ti goute, epi di nou sa w panse de travay k ap fèt la. N ap bay kolasyon leje.

SÈTEN JEDI SERI FIM NOIRVEMBER A 6:30PM, 6 RIVER TERRACE

Chak mwa novanm, epi ane sa a nan mwa oktòb pou Halloween, fanatik fim yo ap selebre anti-ewo senbolik, vanp, konpleksite moral, ak sinematografi mayifik an nwa e blan yo rele "film noir" la. Y ap sèvi pòpkòn gratis, epi ap gen chita pale aprè chak pwojeksyon.

30 OKTÒB

I MARRIED A WITCH (René Clair, 1942)

Nan komedi sa a ki gen Halloween kòm tè, vedèt la, **Veronica Lake**, se yon sòsyè epòk kolonyal la ki retounen aprè 250 an pou pran vanjans li sou desandan pèsekite li yo, men ki olye de sa vin tonbe damou!



06 NOVANM

THE NARROW MARGIN (Richard Fleischer, 1952)

Yon polisye vinn kontre avèk parèy li lè li gen pou mennen vèy yon gangstè nan pwosè kote li pral temwanyè a. Y ap vwayaje nan tren soti Chicago pou rive Los Angeles avèk lavi yo an danje san rete avèk tiyè a gaj ki nan tren an, k ap fè tout sa yo kapab pou anpeche li temwanyè.



13 NOVANM

THE BREAKING POINT (Michael Curtiz, 1950)

Poutèt li gen gwo pwoblèm lajan, yon kapitèn bato lapèch onèt ki rele Harry Morgan (**John Garfield**) vin oblije ede yon gwoup kriminel k ap sove apre yo fin vòlè nan yon channkous. Nan eseye pran swen fanmi li, l ap plonje pi fon toujou nan dlo ki danje.



MADI 18 NOVANM

LESON KIZIN POU FÈT

6PM, 6 RIVER TERRACE

Atan pou fèt otòn yo!
Aprann fè yon amizgèl pou fèt yo avèk **Chèf-Kizinye Samantha Landwehr** ki soti nan **Institute of Culinary Education**.

Goute yon echantiyon epi jwenn ti konsèy sou kijan pou fè pa w lakay ou

JEDI 04 DESANM SELEBRASYON LIMYÈ FÈT

6PM, ROCKEFELLER PARK

Pou lanse sezon fèt la, n ap limen Abdenwèl Battery Park City a. Sware fèt sa a ap gen ladan l chante nwèl antrenan, bwason ak gatri, ak anpil envite espesyal tankou **PS/IS 276 Advanced Chorus**, **BMCC Downtown Chorus**, ak yon vizit moun ou konnen an! Kolèt jwèt la ahe sa a se pou **Stockings with Care**. Ou ka depoze kado yo san w pa vlope yo nan 75 Battery Place, lendi pou vandredi, 9AM pou 4PM, kòmanse 1ye desanm, oswa pote yo nan Selebrasyon Limyè Fèt la.



VANDREDI 05 DESANM

VIZIT KONPÒS POU JOUNEN MONDYAL SÒL YO

4:15–5:15PM, 75 BATTERY PLACE

Pou selebre Jounen Mondyal Sòl yo, fè eksperyans kijan BPCA transfòmè dechè manje an konpòs k ap retounen nan jaden yo pou sòl la ka an sante. Jwenn enfòmasyon sou pwogram don abdenwèl nou an, ak sou kijan ou ka kontribye nan sòl pi an sante nan katye w la! Nou rekòmande pou w enskri, tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.gov.

26 DES–30 JAN

RESIKLE PYEBWA W LA

12–6PM, 6 RIVER TERRACE

Ede Battery Park City rete vèt sezon fèt sa a! Tanpri depoze pyebwa w la san dekorasyon sou twotwa a. Pèsonèl pak la pral ranmase pyebwa yo jiska 30 janvye. Y ap koupe pyebwa yo an ti mòso epi sèvi avèk kopo yo nan pak Battery Park City yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, voye yon imèl pou: info.bpc@bpca.ny.gov.



JEDI 09 DESANM LESON KIZIN POU FÈT

6PM, 6 RIVER TERRACE

Atan pou fèt ivè yo! Aprann fè yon desè koupe dwèt pou fèt yo avèk **Chèf-Anseyan Pauline Balboa Pelea** ki soti nan **Institute of Culinary Education**. Goute yon echantiyon epi jwenn ti konsèy sou kijan pou fè pa w lakay ou.

MÈKREDI 10 DESANM KOLÈT SAN BPC A POU FÈT YO

12–6PM, 6 RIVER TERRACE

Bay “Lavi kòm Kado” nan ede replen rezèv k ap bese yo nan zòn twa eta yo. Sa pran mwens pase inèdtan e yon sèl don kapab sove plizyè lavi! Enskri jodi a nan nybloodcenter.org.

JEDI 15 JANVYE

SERI FIM SOU ISTWA IMIGRAN AN AUTUMN'S TALE

6:30PM, 6 RIVER TERRACE

Istwa Imigran yo se yon seri fim sezon ivè ki montre eksperyans ameriken an sou plizyè jenerasyon. Y ap sèvi pòpkòn gratis, epi ap gen yon chita pale apre pwojeksyon yo. Nan *An Autumn's Tale* (Mabel Cheung, 1987), yon jèn fanmi ki soti Hong Kong vwayaje al New York pou ale jwenn mennaj li, ki fann kè li avèk enfidelite. Tou kagou, li vin rapwoche li sanzatann de yon kouzen de lwen debouya, ki ede li jwenn chimen l nan lavi Vil New York ane 1980 yo.



SATURDAY, JAN24

KOKO NYC

10:30AM, 6 RIVER TERRACE

Join **KoKo NYC** for a sustainable makers workshop and inventor's lab! Led by teaching artists, kids and their families will hone their skills, use real tools, and experiment with recycled materials, found objects, and textiles to bring their ideas to life.



DIMANCH 01 FEVRIYE

RESEPSYON POU INOGIRASYON EKSPOZISYON ATISTIK ANYÈL 2026 LA

1-3PM, 6 RIVER TERRACE

Nou envite tout moun vini ak jwi travay enspire patisipan yo kreye nan pwogram atistik BPCA yo. Rankontre lòt atis ak atis/edikate ki nan tèt pwogram sa yo, epi jwenn enfòmasyon sou aktivite atistik BPCA pral òganize.



Anthony Porpora, San tit



Noelle Tay, San tit

MÈKREDI 04 FEV-25 FEV

ORÈ EKSPOZISYON ATISTIK ANYÈL 2026 LA

4-6PM, 6 RIVER TERRACE

Jwi travay enspire patisipan yo kreye nan pwogram atistik BPCA yo pandan tout ane 2025 la.

EKSPOZISYON ATISTIK VITYÈL 2026

Ou ka gade prezantasyon videyo sa a an pèsonn nan Atistik la nan 6 River Terrace, oswa sou chèn **You Tube** BPCA a.



Eskane kòd QR la pou ale sou chèn youtube BPCA a



DIMANCH 08 FEVRIYE

ATELYE KAT SEN VALANTEN

10:30AM, 6 RIVER TERRACE

Sèl sa nou bezwen se LANMOU! Patisipe nan tradisyon anyèl Battery Park City sa a, kote y ap envite patisipan yo fè kat alamen pou moun yo renmen! Koupe, kole, ak dekore avèk materyo y ap ba ou yo – epi pa bliye sele! ak yon bo! Pwojè atistik yo fèt pou laj apati de 4 lane.



JEDI 19 FEVRIYE

SERI FIM SOU ISTWA IMIGRAN PRESSURE

6:30PM, 6 RIVER TERRACE

Istwa Imigran yo se yon seri fim sezon ivè ki montre eksperyans imigran an sou plizyè jenerasyon. Y ap sèvi pòpkòn gratis, epi ap gen yon chita pale apre pwojeksyon yo.

Mwa Listwa Moun Nwa a vin entènasyonal avèk yon fim sou yon adolesan nwa ki fèt nan peyi Langletè ki santi l dechire ant atant paran imigran tradisyonèl li yo ak gran frè li ki antre nan mouvman pouvwa nwa a nan vil Lonn 1970 la.

Pressure (Horace Ové, 1976) se premye fim ki gen kòm direktè yon sineyas britanik nwa.



JEDI 26 FEVRIYE

NY LAUGHS

7:30PM, 6 RIVER TERRACE

Nan kad selebrasyon Mwa Listwa Moun Nwa a, vin jwenn nou pou yon sware espektak komedi avèk **NY Laughs**. Òganizasyon benevòl san parèy sa a ap chèche anrichi lavi, devlope konsyans kominotè, ak enspire espektatè yo gras a pouvwa eklari

Gen pawòl ki gen dwa pa apwopriye pou jèn timoun. Li rekòmande pou adolesan ak granmoun.



Eskane kòd QR la pou rezève



SAMDI 07 MAS

TILLIE THE TERRIBLE SWEDE

10AM ak 11AM, 6 RIVER TERRACE

Yon espektak pou tout fanmi an ki gen ladan l maryonèt, atis sou sèn, ak sa ki pi enpòtan an — yon bekàn! Pyès teyat la, ki baze sou vre istwa yon fanm pyònye nan espò ki te rele **Matilda Anderson**, montre nou kijan Tillie vin pi bon siklis fanm sou latè!



Eskane kòd QR la pou rezève.



MADI 10 MAS

KONPETISYON RAKONTAY THE MOTH LA

7PM, 6 RIVER TERRACE

Konpetisyon Rakontay The Moth la (The Moth Community StorySLAM) se yon aktivite konpetitif kote nenpòt moun ka mete non li nan yon chapo pou rakonte yon istwa pèsone pandan senk minit sou tè m sware a san sèvi avèk nòt!

Anvan konpetisyon an, anseyan Moth yo pral òganize atelye k ap ofri konsèy, teknik, ak pratik sou la rakonte istwa a.

ATELYE RAKONTAY

09 MAR, 4–5:30PM ak 6–7:30PM

Pwogram sa a rekòmande pou adolesan ak granmoun.



Eskane kòd QR la pou enskri.

VANDREDI 13 MAS

RANKONTRE YON NATIRALIS LAVIL

1PM, WAGNER PARK

Pou selebre Mwa Listwa Fanm nan, vin jwenn edikatis sou lanati **Marieke Bender** pou yon dekouvet lanati nan Wagner Park.

Aprann sèvi avèk sans ou epi dekouvi tras lavi sovaj ki genyen bò lakay ou a.

Apwòch san parèy Marieke a montre tout moun kijan pou yo jwi deyò a!



JEDI 12 MAS

SERI FIM SOU ISTWA IMIGRAN

A SERIOUS MAN

6:30PM, 6 RIVER TERRACE

Istwa Imigran yo se yon seri fim ivè ki montre eksperyans ameriken an sou plizyè jenerasyon.

Y ap sèvi pòpkòn gratis, epi ap gen yon chita pale apre pwojeksyon yo.

A Serious Man (Joel and Ethan Cohen, 2009),

k ap pase an 1967 nan Minnesota, ap suiv yon pwofesè fizik jwif dou k ap chèche konsèy nan men twa raben antan lavi l ap efondre anba yon seri malè deplizanpli ridikil ak kolosal.



Eskane kòd QR la pou enskri

VANDREDI 20 MAS

4PM, 6 RIVER TERRACE

SAMDI 21 MAS

11AM ak 2PM, 6 RIVER TERRACE

BOXCUTTER COLLECTIVE

Boxcutter Collective se yon twoup maryonèt ki gen ladan l ansyen etidyan teyat Bread & Puppet k ap fè espektak maryonèt politik orijinal ak radi san rete, depi fondasyon li an 2016.



SAMDI 21 MAS

PWONMNAD BILENG NAN LANATI PANDAN EKinòKS PRENTAN AN

10AM, 200 RECTOR PLACE

Vin jwenn **Latino Outdoors** ak natiralis BPCA yo nan dekouvet Rockefeller Park sa a k ap fèt nan lang panyòl ak anglè. Selebre jounen pi long yo ak chalè solèy la antan n ap chèche tras prentan nan vil la. Nos vemos afuera!

Nou rekòmande pou w enskri: registration@bpca.ny.gov.

BPC AP SELEBRE MWA LATÈ A

MADI 14 AVRIL

OBSÈVASYON ZWAZO PANDAN MWA LATÈ A

11AM, RECTOR PARK EAST

Ki zwazo ki rete nan lakou w? Aprann prensip obsèvasyon zwazo nan pwomnad plen plezi sa a pou ni debitan, ni amatè, ni abitye nan obsève zwazo. Ansanm, nou pral dekouvri pak yo nan Battery Park City, epi wè kisa ki fè kote sa a se lye reyinyon pou zwazo lavil ki rete la yo ak migratè mayifik yo! N ap bay longvi ak gid pwonmnè, oswa pote pa w.

MADI 14 AVRIL

VIZIT KONPÒS NAN OKAZYON MWA LATÈ A

4:15–5:15PM, 75 BATTERY PLACE

Gade, anndan kay, kijan BPCA ranmase plizè santèn liv dechè manje chak jou, pou transfòme yo an konpòs ki retounen nan jaden yo pou sòl la ka an sante. Nou rekòmande pou w enskri, tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.gov

MÈKREDI 15 AVRIL

AKTIVITE RANKONT AVÈK APIKILTÈ

1:30PM, ROCKEFELLER PARK

Vin nan yon prezantasyon apikiltè BPCA yo nan nich myèl Battery Park City a ki chita nan antre Rockefeller Park la sou Chambers Street. Aprann sou enpòtans kreye abita pou popilasyon myèl yo lavil, ak avantaj li pote pou efò dirablite yo nan katye a ak nan tout vil la.

JEDI 16 AVRIL

PWOMNAD NAN LANATI PANDAN MWA LATÈ A

10:30AM, ROCKEFELLER PARK

Al pwonmnè apye avèk edikatis sou lanati **Marieke Bender** nan Rockefeller Park epi dekouvri jan nou makonnen avèk deyò a! Gade sa ki fè pak nou yo se refij enpòtan pou moun, zannimo, ak plant, epi chèche tras prentan bò Rivyè Hudson nan.

VANDREDI 24 AVRIL

BIOBLITZ DEFILANATI LAVIL

11AM–12PM, WAGNER PARK

Ede fè yon bioblitz, kote syantifik pwofesyonèl ak sitwayen yo ap travay ansanm pou idantifye tout espès plant ak zannimo ki nan yon zòn presi, epi kontribye nan elabore yon katalòg sou byodivèsite Battery Park City a. Avèk aplikasyon iNaturalist la, nou pral pran foto polinizatè ki nan jaden nou yo. W ap deyò nan jaden an, donk abiye pou sa.



JEDI 23 AVRIL

KOLÈT SAN PRENTAN AN

12–6PM, 6 RIVER TERRACE

Ede replen rezèv k ap bese yo nan zòn twa eta yo. Pwosesis la annantye pran mwens pase inèdtan, e yon sèl don kapab sove plizyè lavi!

Enskri jodi a nan: nybloodcenter.org.

SAMDI 25 AVRIL

RÈV S.T.E.A.M.

10:30AM–12PM

TEREN BASKÈTBÒL ROCKEFELLER A

N envite timoun yo vin aprann S.T.E.A.M. (Syans, Teknoloji, Enjeniri, Lèza ak Matematik) nan fwa espesyal sa a k ap fèt deyò. Evènman sa a ap gen ladan l yon varyete aktivite enteresan ak envite espesyal.



DIMANCH 26 AVRIL

PWONMNAD ATISTIK NAN WAGNER

2PM, WAGNER PARK

Vin jwenn nou antan n ap dekouvri zèb da yo nan Wagner Park epi aprann plis sou plis yo nan pak lavil san parèy sa a.



CHAK LENDI 24 NOV-09 MAS

MEDITASYON NAN MATEN

09:45–10:15AM, 6 RIVER TERRACE
Kòmmanse jounen ou avèk ekilib lespri ou ak kò ou pandan yon enstriktè ap gide ou nan meditasyon. Pratik renome sa a bese tansyon, redui estrès, e ranfòse sistèm iminitè a.
Pap gen pwogram 3 nov, 10 nov, 17 nov, 22 des, 29 des, 19 jan, 16 fev.

CHAK LENDI 06 AVR-18 ME

OBSÈVASYON ZWAZO BPC

9:30AM, RECTOR PARK EAST
Vin jwenn natiralis BPCA yo pou dekouvri pak yo nan BPC, epi wè kisa ki fè kote sa a se lye reyinyon pou zwazo lavil yo ak migratè mayifik yo! N ap bay longvi ak gid pwonmnè, oswa pote pa w.



CHAK LENDI 23 FEV-30 MAS

KREYASYON LITERÈ

2–3:30PM, BIBLIYOTÈK BATTERY PARK CITY A
175 NORTH END AVENUE

Ansanm avèk **Bibliyotèk Battery Park City** a, n ap prezante seyans ekriti chak semèn avèk kòm animatè Otè ak Powèt **Jon Curley**. N ap ankouraje patisipan yo pou yo sèvi avèk obsèvasyon kòm fason pou amelyore estil ekriti yo nan kèlkeswa mòd yo pi pito a. Ou dwe enskri, tanpri voye imèl pou: registration@bpca.ny.gov.

CHAK LENDI 03 NOV-27 AVR

EGZÈSIS POU GRANMOUN AJE

10:30–11:30AM, 6 RIVER TERRACE
Ranfòse tout kò a depi nan chofo rive nan refwadi avèk yon varyete egzèsis enteresan. Enstriktè a pral gide ou nan mouvman ritme ak egzèsis ayewobik, egzèsis ekilib ak kowòdonasyon, epitou nan antrènman miskilè. Vin jwenn gwoup la epi fè espò avèk bèl mizik!
Pap gen pwogram 10 nov, 22 des, 29 des, 19 jan, 16 fev.

CHAK MADI AK VANDREDI 04 NOV-28 AVR

ZUMBA POU GRANMOUN

10:30–11:30AM, 6 RIVER TERRACE
Egzèsis degize! Vin pran plezi ou avèk koreografi dans fasil pou suiv epi an menm tan travay sou ekilib ou, kowòdonasyon ou, ak anplè mouvman ou. Mennen zanmi ou epi vin tou pare pou yon kou chofo, yon ti antrènman miskilè ak anpil plezi.
Pap gen pwogram 11 nov, 28 nov, 23 des, 26 des, 30 des, 2 jan, 16 jan, 13 fev, 3 avr.





SÈTEN MADI

KLÈB LEKTI BPC A

1–2PM, 200 RECTOR PLACE

Vin jwenn moun ki renmen li menm jan avè w pou fè chita pale plen animasyon ak refleksyon!

18 NOV: *James*, Percival Everett
20 JAN: *The Overstory*, Richard Powers
24 FEV: *Colored Television*, Danzy Senna
24 MAS: *Green Frog*, Gina Chung



CHAK MADI 04 NOV-28 AVR

MAH JONGG AK PLIS BAGAY TOUJOU

2–4PM, 200 RECTOR PLACE

Vin jwenn yon gwoup granmoun fanatik Mah Jongg ameriken pou match amikal ak enfòmèl, oswa eseye lòt jwèt kat ak jwèt sosyete. Fè zanmi epi rebran kontak avèk vwazen ou yo. N ap bay jwèt yo ak kat yo, oswa pote pa w. Pou plis enfòmasyon, voye yon imèl pou: 200rector@bpca.ny.gov. Pap gen pwogram 11 nov, 23 des, 30 des.

CHAK MÈKREDI 07 JAN-29 AVR

KORAL DOWNTOWN BEATS LA

1–2PM, 200 RECTOR PLACE

Sou direksyon **Church Street School of Music**, koral granmoun **Downtown Beats** la ouvè pou tout moun ki renmen chante! Aprann chante epòk pa nou ak chante klasik epi chante yo nan aktivite kominotè pandan tout ane a.

CHAK MÈKREDI 04 FEV-25 MAS

DESEN MOUN

2–4PM, 6 RIVER TERRACE

Bay konpetans atistik ou yo defì fè desen moun. Chak semèn yon modèl ap poze pandan yon ti moman oswa pi lontan pou patisipan yo fè desen li. Ap gen yon atis/edikatè k ap ofri sijesyon ak kritik konstruktif. N ap bay materyo yo e n ankouraje atis yo pote sipò yo pi pito yo. Ou dwe enskri, tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.ny.gov.



CHAK MÈKREDI 01 AVR- 29 AVR

GRAVI SAN PRÈS

10AM–12PM, 6 RIVER TERRACE

Dekouvri teknik gravi entèresan ak senp – tankou serigrafi, monotip, ak kolagrafi – avèk yon atis/edikatè kòm gid. N ap bay tout materyo yo! N ap akeyi tout nivo konpetans! Ou dwe enskri, tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.ny.gov.



CHAK JEDI

LESON MAH JONGG

10AM–12PM, 200 RECTOR PLACE

SESYON IVÈ: **08 JAN–12 FEV** SESYON PRENTAN: **19 MAS–30 AVR**

Mah-jongg se yon jwèt domino kat moun ki mande konpetans, estrateji, ak chans! Aprann règ yo ak aspè teknik yo nan Mah Jongg ameriken an.

Patisipe nan yon leson an gwoup dezèdtan avèk monitris **Susan Richards**. N ap bay jwèt yo ak kèk kat, men n ankouraje w pote pwòp kat pa w. Ou dwe enskri.

Pou jwenn enfòmasyon ak pou enskri, voye yon imèl pou: registration@bpca.ny.gov. P ap gen leson 23 avr.



CHAK JEDI 06 NOV-30 AVR

ATELYE ATIZANA TEKSTIL

1–3PM, 200 RECTOR PLACE

Nou ankouraje atizan tekstil yo pou yo pote pwojè triko, kwochè, bwodri ak tisaj sou ti metye, pou yon apremidi enteresan plen kreyativite ak kòkòday. Pou plis enfòmasyon, voye yon imèl pou: 200rector@bpca.ny.gov.

Pap gen pwogram 27 nov, 25 des, 1ye jan.



CHAK VANDREDI

07 NOV-24 AVR

TAI CHI

08:30–9:30AM, 6 RIVER TERRACE

Amelyore ekilib, fòs, ak konsantrasyon ou gras a yon ansyen disiplin chinwa ki gen ladan l mouvman meditasyon, pòz luil, ak ti egzèsis. Pap gen pwogram 28 nov, 26 des, 2 jan, 16 jan, 13 fev, 3 avr.



CHAK VANDREDI

07 NOV-24 AVR

MAH JONGG AK PLIS TOUJOU

5–7PM, 200 RECTOR PLACE

Vin jwenn yon gwoup granmoun fanatik Mah Jongg ameriken pou match amikal ak enfòmèl, oswa eseye lòt jwèt kat ak jwèt sosyete.

Fè zanmi epi rebran kontak avèk vwazen ou yo. N ap bay jwèt yo ak kat yo, oswa pote pa w.

Pou plis enfòmasyon, voye yon imèl pou: 200rector@bpca.ny.gov.

Pap gen pwogram 28 nov, 26 des, 2 jan, 16 jan, 13 fev, 3 avr.



CHAK LENDI

26 JAN-30 MAS

YOGA POU PARAN AK TIBEBE

1–2:15PM, 6 RIVER TERRACE

Vin fè yoga nan yon anviwònman san danje, ankourajan, antan w ap aprann pòz ak egzèsis ki espesyalman bon pou nouvo paran ak tibebe — depi lè yo fèk fèt jiska lè y ap rale. Tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.ny.gov pou enskri. Pap gen pwogram 16 fev.



CHAK MADI

14 AVRIL-28 AVRIL

JADINAJ POU TIMOUN NAN KÒMANSMAN PRENTAN

3:15–4:45PM, JADEN POU TIMOUN NAN, ROCKEFELLER PARK

Pou selebre prentan an, fouye ak plante nan Jaden pou Timoun nan. Aprann dirèkteman pratik ekolojik yo ak kijan pou fè konpòs. Pou timoun ki renmen lanati ak lè yo sal kò yo! Laj 6-10 an, ou dwe enskri nan: registration@bpca.ny.gov.



CHAK MÈKREDI
21 JAN- 25 MAS

KINDIE ROCK
6 RIVER TERRACE
SESYON 1: 10–10:45AM
SESYON 1: 10–10:45AM

Amize w nan yon konsè anime antan
atis dinamik nou yo ap fè timoun
yo chofe nan fè mouvman ak chante
ansanm!

CHAK JEDI

SESYON OTÒN: 06 NOV–18 DES
SESYON IVÈ: 22 JAN–09 AVR JWÈT
AK LÈZA POU TIMOUN
JADENDANFAN

10–11:30AM, 6 RIVER TERRACE
N ap rele tout timoun anbazay! Jwèt avèk
kanmarad, aktivite atistik, ak plis bagay toujou.
Pou timoun ki gen laj pou jadendanfan ak
granmoun ki akonpaye yo.
Granmoun yo ap patisipe pandan tout
pwogram nan. Pap gen pwogram 27 nov.

CHAK JEDI

SESYON OTÒN: 13 NOV–18 DES
SESYON IVÈ: 22 Jan–09 AVR

KONT AK MIZIK POU TIMOUN ANBAZAY

3–4PM, 6 RIVER TERRACE
N ap rele tout timoun anbazay! Nou pral fè mizik ansanm,
tire kont, ak plis bagay toujou. Pou timoun ki gen laj pou
jadendanfan ak granmoun ki akonpaye yo. Granmoun
yo ap patisipe pandan tout pwogram nan. Pap gen pwogram
27 nov, 4 des.



SANT KOMINOTÈ A NAN STUYVESANT HIGH SCHOOL



Sant Kominotè a se yon resous bon mache ak fasil pou espò
rekreatif, natasyon, ak egzèsis fizik.
LENDI – VANDREDI, 7–10PM, SAMDI AK DIMANCH, 1–9PM

Pou jwenn plis enfòmasyon,
ale nan Sant Kominotè a nan
345 Chambers Street, New York, NY 10282 www.bpca.ny.gov
oswa voye yon imèl pou: communitycenter@bpca.ny.gov

ABÒNMAN ANYÈL

GRANMOUN (18+)	\$199
REZIDAN BATTERY PARK CITY	\$179
TIMOUN, GRANMOUN AJE (62+), MILITÈ	\$79
REZIDAN BATTERY PARK CITY	
TIMOUN, GRANMOUN AJE, AK MILITÈ	\$59



pou plis enfòmasyon sou
CCSHS



SAL KOMINOTÈ KI NAN 6 RIVER TERRACE LA

Sal kominotè fleksib, 2000 pye kare sa a, ki adapte pou moun andikape, disponib pou lwe
pou fèt, reyinyon, aktivite kominotè, reyinyon fanmi, ak plis bagay toujou. Pri yo kòmanse
a \$600 pou yon aktivite dezèdtan. Ou dwe siyen kontra lokasyon epi nou dwe resevwa
demann yo omwen 30 jou davans.
Pou vizite lokal la ak jwenn enfòmasyon, voye yon imèl pou: 6riverterrace@bpca.ny.gov.

SAL KOMINOTÈ KI NAN 200 RECTOR PLACE LA

Sal kominotè sa a se yon espas 600 pye kare ki fleksib ak adapte pou moun andikape, ki
disponib pou lwe pou reyinyon biznis ak reyinyon kominotè, ak ti reyinyon sosyal,
familyal, ak reyinyon pou fèt. Pri yo kòmanse a \$50 pa èdtan. Ou dwe siyen kontra
lokasyon epi nou dwe resevwa demann yo omwen 30 jou davans.
Pou vizite lokal la ak jwenn enfòmasyon, voye yon imèl pou: 200Rector@bpca.ny.gov.

BPCR

Rezilyans Battery Park City



Eskane kòd QR la pou jwenn plis enfòmasyon ak pou enskri pou resevwa nouvel sou konstriksyon yo. Si w gen kesyon, pran kontak avèk Lyezon Kominotè nou an:

- ➔ Michael Ryan
- ➔ (917) 436-6739
- ➔ nwbpcrinfo@bpca.ny.gov

N ap Prepare pou Sa Kap Vini Aprè a

Apati de kòmansman novanm, ekip yo pral kòmanse travay pou pare chantye a pou pwojè Rezilyans Battery Park City a. Premye travay sa a, se pou prepare teren an pou konstriksyon yo ka derape nan kòmansman ane 2026 la.

Preparasyon chantye





www.bpca.ny.gov

 facebook.com/batteryparkcityparks

 x.com/bpca_ny

 instagram.com/bpcparks

 threads.com/@bpcparks

Akomodasyon Rezonab pou Piblik la An Jeneral

Si yon moun nan piblik la ki gen yon andikap bezwen yon akomodasyon rezonab pou li vini nan pak, enstalasyon, oswa pwogram BPCA yo, moun sa a te met kontakte Kowòdonatè ADA BPCA a nan (212) 417-2000.

Enprime sou papye san klò resikle a 100% avèk lank soja ak vejetal.